



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

REPA LEKÒL INIVERSÈL: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEJENE AK DINE GRATIS POU PLIS 2.7 MILYON ELÈV NAN NOUYÒK NAN KAD DISKOU ETA LETA 2025 LA

Premye fwa nan istwa Eta a, Nouyòk pral kouvri depans pou tout repa lekòl yo pou ede abòde ensekirite alimantè epi asire chak elèv ka manje gratis

Inisyativ Gouvènè Hochul la pral ekonomize fanmi yo yon estimasyon 165 dola nan pwodui episri pou chak timoun chak mwa

Pwogram nan pral remèt lajan nan pòch paran yo, ankouraje abitud ki an sante, epi mete plis etidyan Nouyòk sou wout sikse

Kòm senkyèm pwopozisyon li kòm yon pati nan ajanda abòdabilite li pou Diskou sou Sitiyasyon Eta 2025 la, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon inisyativ istorik pou asire chak nan plis pase 2.7 milyon elèv Nouyòk yo ka resevwa dejene ak dine gratis nan lekòl yo. Pwogram monimental sa a pral ede ekonomize lajan paran yo, adrese ensekirite alimantè nan mitan timoun Nouyòk yo, epi kreye plis opòtinite pou elèv yo reyisi. Gouvènè Hochul pral revele pwopozisyon sa a pita jodi a nan Long Island nan Westbury Middle School, yon distri ki te konstate pèsònèlman kòman manje gratis inivèsèl te amelyore rezilta pou elèv yo ak fanmi yo.

"Rechèch yo klè: bon manje nan salamanje a kreye bon nòt nan salklas la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pwopoze manje lekòl gratis pou chak elèv nan Nouyòk – sa k ap bay timoun yo manje yo bezwen epi mete plis lajan nan pòch paran yo."

Ofri manje gratis nan lekòl la se yon fason efikas pou ede timoun yo nan lekòl la epi pou yo kapab konsantre nan salklas la. Lè nou elimine nenpòt egzijans finansyè pou resevwa benefis sa a, Eta Nouyòk pral bay tout moun menm chans epi remèt paran yo lajan yo t ap depanse a. Manje gratis nan lekòl yo prevwa ekonomize fanmi yo 165 dola pou chak timoun nan depans makèt chak mwa epi yo montre yo sipòte aprantisaj, ranfòse nòt egzamen yo, ak amelyore prezans ak konpòtman nan salklas la.

Eta Nouyòk pa t eseye fè yon pwopozisyon anbisyè konsa anvan kounye a, epi Gouvènè Hochul deja kontinye priyorize repa gratis nan lekòl la pandan tout tan li te antre an fonksyon an. Bidjè yo dopte pou Ane Fiskal 2025 la te enkli 180 milyon dola

pou ede ankouraje lekòl ki elijib yo pou yo patisipe nan pwogram Pwovizyon Elijibilite Kominotè (Community Eligibility Provision, CEP) federal la, ki pèmèt tout elèv ki nan lekòl k ap patisipe yo manje dejene ak dine gratis kèlkeswa revni fanmi yo. Nouvo inisyativ Eta Leta a pral kouvri depans dine ak dejene gratis pou chak elèv nan chak lekòl nan Eta Nouyòk kèlkeswa patisipasyon yo nan pwogram nan, ki pral elaji kalifikasyon pou prèske 300,000 elèv adisyonèl.

Prezidan NYSUT la, Melinda Person, te deklare, "Chak jou nan lekòl nou yo, edikatè yo wè timoun grangou ki ta ka kalifye pou pwogram repa gratis ki egziste deja, men ki rete neglije akòz estigma oswa biwokras. Prèske youn sou sis timoun Nouyòk ap fè fas ak ensekirite alimantè, epi inisyativ enpòtan sa a pou bay tout elèv manje gratis inivèsèl — kèlkeswa kòd postal yo oswa revni fanmi yo — pral diminye enkyetid manje, amelyore sante mantal ak fizik, epi sipòte kapasite elèv yo pou yo pwogrese. Chak timoun, kèlkeswa sikonstans yo, merite nitrisyon yo bezwen pou grandi ak aprann."

Direktè Egzekitif Community Food Advocates, Liz Accles, te deklare, "Kowalisyon Healthy School Meals for All (Manje an Sante pou Tout Moun) toujou kwè nan pouvwa gouvènman an pou travay pou byen pèp la. Manje Lekòl Gratis Inivèsèl se yon premye egzanp ki imedyatman tanjib nan kad prensip an aksyon sa a. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li defann pwoblèm sa a epi fè l tounen yon pi gwo priyorite—nou vrèman kontan."

Direktè Egzekitif Jeneral Hunger Solutions New York, Andrés J. Vives, te deklare, "Avèk anons jodi a, Gouvènè Hochul te fè li klè Nouyòk pral trase wout la nan asire tout timoun yo gen aksè ak manje yo bezwen pou yo pwospere. Aksè inivèsèl ak dejene ak manje dine gratis nan lekòl la pral soulaje grangou, sipòte sante mantal ak fizik timoun yo, epi bay soulajman finansye ki nesèsè anpil pou fanmi ki gen difikilte ak kou lavi a ki wo. Nou bat bravo pou Gouvènè a ki defann investisman istorik sa a epi nou pa ka tann pou nou travay ak Lejislati a pou asire ke pwopozisyon sa a enkli nan bidjè final la."

Robert S. Schneider, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon Konsèy Lekòl Eta Nouyòk la, te deklare, "NYSSBA kontan anpil pou l sipòte inisyativ sa a. De dènye bidjè leta yo te fè gwo investisman nan manje lekòl yo, epi pwogram sa a bati sou pwogrè sa a lè li bay yon pwogram manje lekòl ki vrèman inivèsèl. Sa pral asire ke pa gen okenn timoun ki ale lekòl grangou epi li ogmante anpil chans pou yo reyisi nan salklas la."

Direktris Egzekitif Asosyasyon Administratè Lekòl Eta Nouyòk la, Jennifer Carlson, te deklare, "Asosyasyon Administratè Lekòl Eta Nouyòk (School Administrators Association of New York State, SAANYS) felisite pou enklizyon gwo finansman Gouvènè a pou asire ke chak elèv elijib pou resevwa dejene ak dine nan lekòl la. Lidè lekòl k ap travay ak elèv yo ak fanmi yo te rekonèt bezwen enpòtan pou bay elèv yo yon kòmansman an sante chak jou. Finansman Gouvènè a pwopoze a pral bay tout elèv yo manje ki nesèsè pou yo patisipe aktivman nan pwosesis aprantisaj la

epi sipòte fanmi yo lè yo redui depans pou manje sa yo. Nou kontan epi nou ankouraje nou wè yo pwopozè finansman sa a nan diskou Eta Leta Gouvènè a."

Charles Dedrick, ki se Direktè Egzekitif Konsèy Sipè-entandan Lekòl Eta Nouyòk (New York State Council of School Superintendents), te deklare, "Nou felisite pwopozisyon Gouvènè Hochul pou asire aksè ak repa gratis nan lekòl pou tout timoun yo. Li pral redwi grangou nan mitan timoun lekòl yo, pèmèt paran yo ekonomize alafwa tan ak lajan, epi senplifye administrasyon pou lekòl yo. Sirentandan atravè eta a espere li pral adopte nan pwochen bidjè eta a."

Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Nitrisyon Lekòl NY la, Jennifer Martin, te deklare, "Antanke yon òganizasyon ki dedye a byennèt ak avni timoun eta nou an, nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li enkli manje lekòl pou tout moun nan bidjè ane sa a. Mouvman solid epi ki plen ak konpasyon sa a asire ke chak timoun, kèlkeswa istwa yo, gen aksè a nouriti yo bezwen pou yo reyisi nan salklas la. Yon timoun ki grangou se yon timoun ki distrè nan potansyèl li, epi lè nou bay tout elèv yo manje, n ap investi nan sante yo, edikasyon yo ak avni yo. Nou ankouraje tout lejislasyon yo rejwenn Gouvènè a nan kad efò sa a pou kraze baryè yo epi asire ke chak timoun gen opòtinite pou yo pwospere. Sa a se yon etap enpòtan nan direksyon pou bati yon avni ki pi solid, ki pi an sante ak ki pi ekitab pou eta nou an."

Lidè Minorite Lejislati Konte Nassau a, Delia DeRiggi-Whitton, te deklare, "Dejene ak dine inivèsèl pou timoun lekòl Nouyòk yo pral yon eleman ki chanje règ jwèt la nan misyon kolektif nou an pou konbat grangou nan Nouyòk epi bay yon sekou finansye enpòtan pou jèn fanmi k ap travay di nan Konte Nassau yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li priyorize inisyativ sa a nan bidjè li a k ap vini an – youn ki pral ekipe fanmi nou yo pou yo pwospere ak elèv nou yo pou briye nan salklas la."

Manm Konsèy Vil North Hempstead la, ak Prezidan Konsèy Edikasyon Distri Westbury a, Robert Troiano, te deklare, "Prèske tout moun about akòz depans k ap monte, espesyalman pou manje. Plan Gouvènè a pral bay soulajman pou fanmi yo sou plan ekonomik pandan y ap asire pitit yo resevwa manje ki an sante. Nan Westbury, nou jwenn ke pèfòmans akademik ogmante epi pwoblèm konpòtmantal diminye lè chak timoun gen asirans yon repa nourisan. Nou jwenn tou ke enpleman repa inivèsèl gratis libere fanmi yo anba estigma pwosesis aplikasyon an epi soulaje distri lekòl la nan kad depans ak fado pou administre pwosesis aplikasyon an. Nou bat bravo pou Gouvènè a paske li elaji Pwogram Manje Gratis Inivèsèl la pou tout moun."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Island Harvest la, Randi Shubin Dresner, te deklare "Avèk sèl pwopozisyon politik sa a, Gouvènè Hochul pral redwi dramatikman ensekirite alimantè pami elèv Nouyòk yo. Lè Lejislati a apwouve bidjè eta a, chak elèv atravè Long Island ak Eta Nouyòk pral konnen kilè ak ki kote pwochen dejene ak dine yo ap soti chak jou lekòl la ap nan sesyon. Paran yo pral gen plis lajan nan pòch yo pou sipòte pitit yo, epi sa ki pi enpòtan, etid yo te pwouve ke lè timoun yo trete yon fason egal epi yo gen menm aksè ak bon jan kalite manje nan lekòl la, nòt yo amelyore, epi relasyon ant elèv yo ranfòse. Gen mwens estrès nan lekòl la ak nan kay yo. Gouvènè

Hochul te ogmante aksè ak manje pou elèv yo nan bidjè li yo, li te sipòte bank alimantè yo ak sistèm manje ijans yo, epi li se chanpyon nan batay kont grangou ak ensekirite alimantè Nouyòk bezwen an."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Konsèy Lekòl Nassau-Suffolk la, Bob Vecchio, te deklare "Nou rekonesan anvè Gouvènè a paske li te fè avanse kòz sa a epi li te trase wout la sou pwoblèm sa a. Ensekirite alimantè yo afekte anpil kominote nan chak rejyon Eta Nouyòk. Lè li sipòte inisyativ sa a, li elimine pwoblèm ensekirite alimantè nan lekòl nou yo pou anpil moun, pandan y ap asire tou ke elèv ki pral benefisye pa mezi sa a pa pral soufri nan estigma ki lye ak kalifye pou manje gratis oswa nan pri redui. Asosyasyon Konsèy Lekòl Nassau-Suffolk sipòte ak fyète manje gratis nan lekòl pou tout elèv Eta Nouyòk yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Sante ak Byennèt Long Island, Vanessa Baird-Streeter, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou sipò li nan kad Manje Lekòl Inivèsèl pou tout moun lan. Asire ke tout elèv yo gen aksè dejene ak dine nan lekòl la pral amelyore pèfòmans akademik ak amelyore kapasite elèv yo pou konsantre epi kenbe enfòmasyon ki benefisye eksperyans edikasyon yo. Konsidere kou lavi ki wo nan Long Island, ki fè li difisil pou kèk fanmi bay twa repa pa jou, lè yo konnen timoun yo pral resevwa repa ki an sante ak nourisan nan lekòl la pral soulaje fado sa a sou fanmi yo anpil."

Gouvènè Hochul te fè konbat ensekirite alimantè vin yon priyorite pou administrasyon li a. Sou lidèchip li, Depatman Sante Eta Nouyòk (New York State Department of Health, NYSDOH) ak Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta Nouyòk administre plizyè pwogram ki sipòte ogmantasyon sekirite alimantè ak nitrisyon atravè Eta a:

Inisyativ Nourish New York la, Depatman an administre ansanm ak Depatman Sante ansanm ak Depatman Agrikilti ak Mache a, bay finansman pou sipòte acha ak distribisyon atik ki grandi oswa pwodui nan Eta Nouyòk, ki gen ladan pwodui ak vejetab. Depi lansman li a, Nourish New York te sipòte acha plis pase 118 milyon liv pwodwi manje Nouyòk, sa ki bay kiltivatè Nouyòk yo yon kout pous ak plis pase 99 milyon repa pou moun ki nan bezwen yo.

Pwogram Soti nan Fèm Rive Lekòl konekte lekòl yo ak fèm lokal yo ak pwodiktè manje yo pou ranfòse agrikilti lokal yo ak amelyore sante elèv yo. Atravè pwogram nan bay asistans finansye, teknik, ak pwomosyon pou lekòl, fèm, distribitè, ak lòt òganizasyon sipò yo pou pote plis manje lokal, nourisan, ki varye selon sezon bay elèv Nouyòk yo.

Inisyativ 30 Pousan Eta Nouyòk la bati sou pwogram Soti nan Fèm Rive Lekòl la nan ogmante ranbousman lekòl yo resevwa pou manje midi soti 5.9 santim pou chak repa a 25 santim pou chak repa pou nenpòt distri ki asire manje midi lekòl yo gen omwen 30 pousan engredyan pwodui elijib ki kiltive ak transfòme nan Nouyòk, ki ofri opsyon repa ki pi an sante pou elèv yo ak lòt mache pou fèm yo.

Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Manje Lekòl Rejyonal la ki bay 50 milyon dola sou senk ane pou sipòte enstalasyon kwit manje rejyonal yo ki pral fasilite itilizasyon pwodui agrikòl fre Eta Nouyòk nan preparasyon repa pou timoun lekòl Kindègadenn rive 12yèm.

Pwogram Prevansyon Grangou ak Asistans Nitrisyon an sipòte yon rezo ki gen plis pase 2,600 founisè manje ijans ki distribye manje ki bon pou sante ak pwodui ki fre bay moun ki mande asistans yo.

Pwogram Nitrisyon Siplemanchè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants and Children, WIC) sèvi plis pase 425,000 moun atravè sipò bay tete, edikasyon sou nitrisyon, benefis siplemanchè pou manje nourisan, ak referans pou swen sante.

Pwogram pou Achte Pwodwi Alimantè Siplemanchè a ofri manje gratis ak nitritif pou granmoun aje ki gen 60 an oswa plis. Apeprè 36,000 granmoun aje patisipe nan pwogram nan chak mwa. Pandan ete a, patisipan yo resevwa benefis adisyonèl pou fwi ak legim fre nan mache fèmeye yo atravè Pwogram Nitrisyon Mache Pwodikè Senyò (Senior Farmers' Market Nutrition Program), ki disponib nan Vil Nouyòk ak Long Island. Objektif la se amelyore sante moun ki gen revni fèb ki 60 ane oswa plis lè yo konplete rejim yo ak manje nourisan Depatman Agrikilti Etazini an.

Pwogram Manje pou Swen Timoun ak Adilt se yon pwogram edikasyon sou nitrisyon ak ranbousman repa ki ede founisè yo sèvi manje ak ti goute nourisan ki prepare san danje pou timoun ak granmoun nan anviwònman gadri yo. Pwogram nan finanse atravè Depatman Agrikilti Etazini epi li kontinye angajman Nouyòk pou ankouraje sante ak byennèt rezidan li yo. Tout timoun ak granmoun ki ale nan sant gadri, sant pou granmoun nan kominote a, pwogram apre lekòl,abri pou sanzabri, ak pwogram gadri pou fanmi yo resevwa repa.

Pwogram Sibvansyon Agrandisman Aksè ak Manje a bay 10 milyon dola pou ede ogmante aksè ak manje pou Nouyòkè k ap viv nan zòn ki pa gen boutik epi ki pa gen opsyon pou manje ki an sante ak bon mache. Li bay finansman enfrastrikti pou sipòte devlopman ak ekspansyon makèt, koperativ manje, kyòsk agrikòl pèmanan, ak lòt magazen manje an detay nan rejyon defavorize nan eta a pandan yo ap ogmante mache pou kiltivatè Nouyòk yo.

Pwogram FreshConnect ak Pwogram FreshConnect Fresh2You, ki kounye a double pouvwa acha pou benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) nan mache fèmeye atravè Eta Nouyòk. Inisyativ la bay Nouyòkè ki elijib yo yon kontrepati dola pou dola jiska 50 dola pa jou nan mache kiltivatè k ap patisipe yo, sa ki pèmèt fanmi ki bezwen yo achte plis manje ki bon pou sante, tankou pwodui fre, pwodui letye, ze ak vyann.

Pwogram Nitrisyon Mache Pwodikè (Farmers' Market Nutrition Program, FMNP) fè pwomosyon pwodiktè lokal yo nan elaji lavant yo nan mache fèmeye yo ak nan stand agrikòl yo epi ankouraje kominote ki an sante yo atravè konsomasyon manje lokal yo. Konsomatè ki elijib yo resevwa kupon pou yo itilize pou fwi ak legim fre nan plis pase 700 mache, ki gen ladan mache kiltivatè yo, kyòsk agrikòl yo, ak estasyon mache mobil k ap patisipe nan FMNP, ki bay kominote Nouyòk yo manje lokal ki bon pou sante.

Pwogram Finansman SNAP-Ed la, ki administre an kowòdinasyon ak Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), vize pou rann pwodui lokal yo pi disponib epi aksesib pou kominote ki elijib pou Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (SNAP) pandan y ap achte pwodui lokal epi bay edikasyon sou nitrisyon atravè pwogram Community Garden ak Food Box yo.

Anplis de sa, **Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk** administre pwogram New York Food for New York Families (Manje Nouyòk pou Fanmi Nouyòk yo) ki finanse ak finansman federal la, ki bay prèske 50 milyon dola pou patnè bank alimantè yo ak òganizasyon sèvis alimantè yo pou aplike pwojè ki achte pwodwi manje Nouyòk yo epi distribye yo nan kominote defavorize yo. Li bay asistans teknik tou pou ede kiltivatè yo vann nan pwogram Manje Nouyòk pou Fanmi Nouyòk la.

Sou sitwèb Depatman Sante a, ou ka jwenn plis enfòmasyon sou [Pwogram Prevansyon Grangou ak Asistans Nitrisyon](#), [Pwogram Nitrisyon Siplemanntè Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun](#), [Pwogram pou Achte Pwodwi Alimantè Siplemanntè](#), ak [Pwogram Manje Swen Timoun ak Adilt](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)